МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ

МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ, НАУКИ И ПО ДЕЛАМ МОЛОДЁЖИ

КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОЙ РЕСПУБЛИКИ

УРВАНСКИЙ МУНИЦИПАЛЬНЫЙ РАЙОН

МКОУ СОШ с.п. Нижний Черек

РАССМОТРЕНА	СОГЛАСОВАНА	УТВЕРЖДЕНА
Руководитель МО	Заместитель директора	И.о. директора
_____	_____	_____
Харунова Р.М. Протокол №1 от «28.08» 2026 г.	Кажокова З.Р. от «28.08» 2026 г.	Шекихачев А.Х. Приказ №53 от «28.08» [2026 г.

РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

учебного предмета «Родная (кабардино-черкесская) литература»

для обучающихся 10 классов

С.п. Нижний Черек 2026 год

Зыубзыху тхыгъэ

10-нэ классым зэрыщылажьэ программэр зэхэлъхьащ илъабжьэмк1э къыщыгъэлъэгъуа документхэм, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей_Балъкъэр Республикэм ц1ыхубэм щ1эныгъэ егъэгъуэтынымк1э къищта Законхэмрэ концепцэхэмрэ япкъ итк1э:

1.Закон РФ « Об образовании» №273 от 29.12.2012г

2. Закон КБР ««Об образовании» №4-РЗ от 22.07.1994 г

3..Приказ МОН КБР №916 от 30.07.2012 года «Об утверждении республиканского базисного учебного плана общеобразовательных учреждений Кабардино-Балкарской Республики на 2012-2013 учебный год»

4.САНПиН 2.4.2 № 2821-10, зарегистрированных в Минюсте России 3 марта 2011 года №19993:

5.Учебный план МКОУ СОШ с.п Нижний Черек на 2026 -2027 учебный год,

6.Положения о рабочей программе МКОУ СОШ с п Нижний Черек

7. Региональный перечень учебников, утвержденных, рекомендованных к использованию в образовательном процессе в образовательных учреждениях, реализующих программы общего образования на 2025-2026 учебный год

8.Примерная программа по родной(кабардино-черкесской) литературе для 10-11 классов Балова Л.Ф., Нальчик, 2004г.

Программэм и зэхэлъык1эмрэ къызэщ1иубыдэмрэ

10-нэ классхэм хухэха Iыхьэр зэхэлъхьащ еджакIуэхэм нэхъапэм ягъуэта щIэныгъэмрэ зэхэщIыкIымрэ я тегъэщIапIэу, лъэпкъ литературэм и тхыдэр (къежьапIэхэм къыщыщIэдзауэ иджырей зэманым къэсу) егъэджыным; тхакIуэ щхьэхуэхэм а тхыдэм хуащIа хэлъхьэныгъэр ягъэщIэным, абыкIэ адыгэ литературэм и зыужьыкIам, нобэрей теплъэм, ехъулIэныгъэ нэхъ ину иIэхэм щIэныгъэ хабзэкIэ хэгъэгъуэзэным тегъэщ1ауэ. Абы нэмыщIу, еджакIуэхэм щапхъэ ирикъун къахьурэ тхыгъэр зэпкърахыфу щытын хуейщ и бзэмкIэ, и гъэпсыкIэмкIэ, тхакIуэм и гурылъыр къызэригъэнахуэ нэгъуэщI IэмалхэмкIэ; икIи я Iуэху еплъыкIэр щыгъэлъэгъуа тхыгъэ укъуэдиякIэ (сочиненэ) къаIуэтэжыфу щытын хуейщ.

Программэр зэхэзылъхьахэр хущIэкъуащ, Iэмал зэриIэкIэ, темэ зэмылIэужьыгъуэхэм теухуауэ, еджакIуэм и ныбжьымрэ иIэн хуей зэхэщIыкIымрэ елъытыжауэ, яджыну тхыгъэхэр къыхэхыным, тхакIуэ нэхъ Iэзэу зи IэдакъэщIэкIхэр куэдым ящIэн хуейхэм ящыщ гулъытэншэу къэмыгъэнэным. ЕджакIуэхэр литературэм и теорием хэзыгъэгъуазэу термин нэхъ зыхуейхэр хэхауэ гъэнэхуащ.

Зэреджэ, зэрылажьэ тхылъыр:
Адыгэ литературэ 10 – нэ кл, Балэ Л.Ф. «Эльбрус» 2025 гъ.
Изложенэхэмрэ сочиненэхэмрэ 5-11кл. Балэ Л.Ф. Налшык «Эльбрус» 2008г.
Еджак1уэхэм я бзэм зегъэужьыныгъэ Дзасэжь Хь.Е. Налшык «Эльбрус» 1989г.

10-нэ классым щIэс еджакIуэхэм я щIэныгъэмрэ я есэныгъэмрэ нэхьыщхьэу къыхуагъэувхэр

ЕджакIуэхэм ящIэн хуейщ:

Тхак1уэхэм я гъащIэмрэ я литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа 1уэхугъуэ нэхъыщхьэхэр, абыхэм я творческэ зэф1эк1ым и лъэхъэнэхэр; адрей тхак1уэхэмрэ усак1уэхэмрэя гъащ1эмрэ я литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа 1уэхугъуэ нэхъыщхьэхэр;

- литературнэ тхыгъэ яджым къыхэщ (къыщыгъэлъэгъуа) зэманым и щытык1э, и къэхъукъащ1энэхъыщхьэхэр;
- яджа художественнэ тхыгъэхэм я сюжетыр, я ухуэк1эр, образхэм я къызэгъэпэщык1эр;
- тхак1уэм (усак1уэм) и тхэк1эм (стилым) хэлъ щытык1э нэхъыщхьэр;
- художественнэ образым, литературнэ хьэл – щэным, литературэм и ф1агъымрэ и 1еягъымрэ, критическэ реализмэм, социалистическэ реализмэм, тхак1уэм и стилым теухуа гуры1уэгъуэхэр;
- литературэм и родхэмрэ и жанрхэмрэ, адыгэ усэм и гъэпсык1эр, ар нэхъ зэратх хабзэ щапхъэхэр;
- гук1э зрагъэщ1эн хуейуэ программэм къыщыгъэлъэгъуа художественнэ тхыгъэхэмрэ пычыгъуэхэмрэ.

ЕджакIуэхэм яхузэф1эк1ын хуейщ:

- тхак1уэхэм е усак1уэхэм я тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуа теплъэгъуэхэр,1уэхугъуэ щхьэхуэхэр я нэгу къыщ1агъэувэжыныр;
- литературнэ тхыгъэм и идейно – художественнэ щытык1эркъэхутэнымк1э (къэгъэлъэгъуэнымк1э), изобразительно – выразительнэ 1эмалхэмрэ сюжетым, тхыгъэм и ухуэк1эм хэт образхэм я къалэн нэхъыщхьэхэр гъэбелджылыныр;
- художественнэ тхыгъэр зыщыщ литературнэ л1эужьыгъуэркъэхутэныр (эпос,лирика, драма);
- тхыгъэм и къалэн нэхъыщхьэр гъэбелджылыныр;
- изобразительно – выразительнэ 1эмалхэм, сюжетым, тхыгъэм и ухуэк1эм, абы хэт образхэм ягъэзащ1э идейно – художественнэ къалэныр гъэбелджылыныр;
- художественнэ тхыгъэм хэт литературнэ л1ыхъужьыр сыт и лъэныкъуэк1и къэгъэлъэгъуэныр ик1и зы тхыгъэм хэт персонажыр е тхыгъэ зыбжанэм хэтхэр зэгъэпщэныр;

- усэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр (абы и размерыр, рифмэр, строфар, н.) къэхутэфыныр;
- тхыгъэ къызэджам хуа1а щытык1эр, ар къазэращыхъуар къемыхьэлъэк1ыу сыт щыгъуи къа1уэтэныр;
- художественнэ тхыгъэхэм гъэхуауэ, шэрыуэу къеджэныр;
- жьэры1уатэу ик1и тхыгъэк1и къа1уэтэнум и план зэхэлъхьэныр;
- тхыгъэ яджым ипкъ итк1э сочиненэ – рассужденэ проблемнэ щытык1э и1эу тхыныр;
- литературнэ ик1и публицистическэ темэм теухуа сочиненэ – рассужденэ къызэгъэпэщыныр;
- литературнэ темэ гуэрым теухуа доклад е реферат гъэхьэзырыныр;
- езыр – езыру къызэджа тхылъым е тхыгъэм, зэплъа кинофольмым, телевизионнэ къэтыныгъэм, спектаклым, сурэтым,музыкалбнэ произведенэм теухуа рецензэ тхыныр.

Адыгэ литературэр егъэджынымкIэ къалэнхэр:

Курыт еджапIэхэм адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэр щегъэджыным и къалэн нэхъыщхьэу мы къэкIуэнухэр къоув:

- ныбжьыщIэхэм литературэм къыхахыу зэхэщIыкI лъагэрэ гъэсэныгъэ дахэрэ яхэлъу къэгъэтэджэныр; цIыхугъэм и щапхъэхэр, гуп хэтыкIэ хабзэхэр, благъэми хамэми яхуэфащэ

пщIэмрэ нэмысымэ къагурыIуэу, Хэкур фIыуэ ялъагъуу, жылагъуэ Iуэхухэмрэ щхьэзакъуэ гурыгъухэмрэ зэрагъэзэгъыфу, дэтхэнэми лъысыпхъэ пщIэр хуащIыжу къэхъуныр;

- еджакIуэхэр я анэдэлъхубзэкIэ зекIуэ IуэрыIуатэмрэ тхыгъэ нэхъыфIхэмрэ щыгъуазэ щIыныр, абыкIэ хуэфащэ пщIэр анэдэлъхубзэм хуа-щIу икIи иригушхуэу къэгъэхъуныр, лъэпкъ литературэм и тхыдэмрэ нобэрей и щытыкIэмрэ кууую щыгъэгъуэзэныр, абы и жанр нэхъыщхьэхэр, тхакIуэ-усакIуэхэр, тхыгъэ нэхъыфIхэр къагурыгъэIуэныр;

- IуэрыIуатэм и лIэужьыгъуэхэр, литературэ тхыгъэхэр псэкIэ зыхащIэу, зэпкърахыфрэ абы хэлъ фIагъхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ литературэмрэ тхыдэмрэ ящыщ щапхъэхэр къагъэсэбэпурэ къагъэнахуэфу, езыхэми псалъэр эстетикэм и хабзэкIэ ягъэшэрыуэфу, литературэр гъуазджэм и нэгъуэщI пкъыгъуэхэм зэрадэгъуэгурыкIуэмрэ къазэрыщхьэщыкIымрэ IупщIу зэхащIыкIыу егъэсэныр.

Литературэм и теорием ехьэлIауэ еджапIэр къэзыухым ищIапхъэхэр

-Художественнэ литературэр псалъэр зи лъабжьэ гъуазджэм и лIэужьыгъуэу зэрыщытыр.

-Художественнэ образыр. Зэманымрэ гъащIэмрэ.

-КупщIэмрэ теплъэмрэ. Поэтикэр.

-ТхакIуэм и гупсысэмрэ ар къызэригъэлъагъуэ щIыкIэмрэ. Езым къигупсысауэ, щымыIауэ Iуэхум къыхишэхэр. Фантастикэр.

-Тхыдэ-литературэ гъуэгуанэр. Литературэ унэтIыныгъэхэмрэ гуэж зэмылIэужьыгъуэхэмрэ: классицизм, сентиментализм, романтизм, реализм, символизм, акмеизм, н. Лъэпкъ тхакIуэшхуэхэм я гъащIэмрэ я литературэ лэжьыгъэхэмрэ.

Литературэм и пкъыгъуэхэр: эпос, лирикэ, драмэ. Литературэм и жанрхэр: роман-эпопее, роман, повесть, рассказ, очерк, притчэ; поэмэ, балладэ, уэрэд; лирикэ усэ, элегие, эпиграммэ, одэ, сонет; комедие, трагедие, драмэ.

-ТхакIуэм и Iуэху еплъыкIэр. Пафос. Темэ. Идее. IуэхугъуэкъиIэтхэр. Сюжет. Фабулэ. Композицэ. Тхыгъэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэр зэрызэкIэлъыхьар: экспозицэ, ублапIэ, кульминацэ, ухыпIэ, эпилог. Лирикэ къыпыкIуэтыныгъэ. Конфликт. ТхакIуэ-къэIуэтакIуэ. ТхакIуэм и образыр. Персонаж. Хьэл-щэныр. ЛIэужьыгъуэр. Лирикэ лIыхъужьыр. Образхэм я гъэпсыкIэр.

-ЛIыхъужьым и бзэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр: диалог, монолог, и щхьэм хужыIэжыныгъэ. КъэIуэтэжыкIэр.

-Пкъыгъуэ. Дамыгъэ. ЩIагъыбзэ.

-Психологизмыр. ЦIыхубэм еиныгъэ. Тхыдэр.

-Сатирэ, гушыIэ, ауан, щIэнакIэныгъэ. Гротеск.

-Художественнэ тхыгъэм и бзэр. Художественнэ тхыгъэм къызэриIуатэ-зэригъэлъагъуэ Iэмалхэр: зэгъэпщэныгъэ, эпитет, метафорэ, метонимие. Макъытхыр: аллитерацэ, ассонанс.

-Гиперболэ. Аллегорие.

-ХъэтI (стиль).

-Прозэмрэ поэзиемрэ. Усэ гъэпсыкIэр. Усэ тхыкIэ щапхъэхэр: хорей, ямб, дактиль, амфибрахий, анапест. Дольник. Акцент усэ. Усэ хужь. Верлибр. Ритм. Рифмэ. Строфа.

-Литературэ критикэ.

Адыгэ литературэр джын зыухам и къалэнщ

ищIэну/къыгурыIуэну:

-псалъэр зи лъабжьэ гъуазджэм образыр и щэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр;

-иджа тхыгъэр зытеухуар, абы къыщыхъу-къыщыщIэхэр;

-лъэпкъ тхакIуэ пажэхэм я гъащIэмрэ я литературэ лэжьыгъэхэмрэ;

-лъэпкъ литературэм и тхыдэ гъуэгуанэр, литературэ унэтIыныгъэхэр зэщхьэщызыгъэкI щэнхэр;

хузэфIэкIыу щытыну:

-литературэ тхыгъэр зытеухуар гъэхуауэ къэIуэтэжыныр;

-художественнэ тхыгъэр анализ щIыныр, тхыдэмрэ литературэм и теориемрэ и тегъэщIапIэу (тематикэр, тхакIуэм къиIэт Iуэхугъуэ нэхъыщхьэр, тхыгъэм къыхэхыпхъэ ущиныгъэ-гъэсэныгъэ мыхьэнэр, образхэм я гъэпсыкIэр, композицэм, бзэм, художественнэ Iэмалхэм я къэгъэсэбэпыкIэр) художественнэ тхыгъэм и купщIэр, и мыхьэнэр къызэIухыныр; зэджа тхыгъэм щыщ пычыгъуэ гуэр къищтэу зэпкърыхыныр, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэм ар зэрыпыщIар гъэнэIуэныр;

-художественнэ литературэр жылагъуэ гъащIэм егъэпщэныр, щэнхабзэм дежкIэ абы и мыхьэнэр гъэбелджылыныр; зэджа художественнэ тхыгъэм хэхауэ тхыдэ Iуэхугъуэ гуэрым е цIыху псоми я зэхуэдэу хэлъыр къыхэгъэщыныр; лъэпкъ литературэм и темэ нэхъыщхьэхэмрэ «гъуэщауэ» абы къыхэхуахэмрэ зэхэгъэщхьэхукIыныр; тхыгъэр дунейм къыщытехьа лъэхъэнэм щэнхабзэм щытепщэу щыта унэтIыныгъэ нэхъыщхьэм ар зэрыхущытыр;

-тхыгъэр зыхыхьэ литературэ пкъыгъуэр, жанрыр зэхэгъэкIыныр;

-литературэ тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэгъэпщэныр;

-тхакIуэм и Iуэху еплъыкIэр къыхэгъэбелджылыкIыныр;

-гъэхуауэ, бзэм и хабзэхэм тету тхыгъэм къеджэныр;

-зэджа тхыгъэм зригъэгупсысахэм, абы къыщыIэта Iуэхугъуэхэм зэхэщIыкIыгъуэу тепсэлъыхьыжыныр;

-зэджа тхыгъэм рецензэ иритыну, сочиненэ итхыну.

Зригъэгъуэта щIэныгъэр къыщигъэсэбэпыфу щытыпхъэщ:

-Iуэхугъуэ гуэрым щытепсэлъыхькIэ е тхыгъэ щигъэхьэзыркIэ;

-зэпсэлъэныгъэхэр щригъэкIуэкIкIэ е Iуэху еплъыкIэ зэтемыхуэ гуэрхэр щызэригъапщэкIэ;

-щэнхабзэм щIэуэ къыхыхьахэм щыгъуазэ защыхуищIкIэ, абыхэм яIэ эстетикэ мыхьэнэр щигъэбелджылыкIэ;

-нэхъ дэзыхьэх литературэ унэтIыныгъэхэр щиубзыхукIэ, абы хыхьэ художественнэ тхыгъэхэр къыщыхихкIэ;

-лъэпкъ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм ящыщу нэхъ игу ирихьахэр къыщыхихкIэ, ахэр нэгъуэщI лъэпкъ литературэхэм, щэнхабзэм и хэлъхьэныгъэ щхьэпэхэм щаригъапщэкIэ.

ЕГЪЭДЖЭКIЭМ ЕХЬЭЛIА ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР

Абазэ А., Хьэрэдурэ Э., Тэнащ Т. Адыгэ драматическэ тхыгъэхэр 8 – 9-нэ классхэм зэрыщегъэджыпхъэ. Налшык, 2005.

Багъ Н. А., Ержыб А. Къу. Адыгэ литературэр 6-нэ классым. Налшык, 1994, 2000.

Ержыб А. Къу., Хьэщыкъуей А. Хь. Шэрджэс тхакIуэхэм я тхыгъэхэр курыт школым зэрыщегъэджыпхъэр. Налшык, 1987.

Ержыб А. Къу. Усэхэр, хъыбархэр, псысэхэр: дерсхэм къыдэкIуэу къызэджапхъэ тхыгъэхэр, Налшык, 1992*Ержыб А. Къу.* Дерсхэм къыдэкIуэу къызэджапхъэ тхыгъэхэр зэрыт пособие, 5–8-нэ классхэм папщIэ. Налшык, 1997.

КIэрэф М. Ж. Литературэр ебланэ классым. Налшык, 1985.

ХьэкIуащэ А. Хь. Къэбэрдей IуэрыIуатэм и хрестоматие. Налшык, 1988.

ХьэкIуащэ А. Хь. Адыгэ IуэрыIуатэ (еджакIуэхэм папщIэ). Налшык, 1992

Епщык1узанэ классым щеджэ еджак1уэм оценкэ зэрыхуагъэув щ1ык1эхэр:

Сочиненэхэмрэ изложенэхэмрэк1э къап щы тэ :

1.Темэр къызэрызэк1уэц1ихыфымрэ абы щхьэк1э бзэм и къулеягъыр къызэригъэсэбэпыфымрэ;
2. Грамматикэм и нормэхэмрэ пэжырытхэм и хабзэхэмрэ 1эзэу зэрищ1эр.

Сыт хуэдэ изложенэми сочиненэми оценкэу л1эужьыгъуит1 хуагъэув:
япэр — и содержанэмрэ зэрытха бзэмрэ папщ1э,
ет1уанэр — грамматическэ и лъэныкъуэк1э и 1эзагъым папш1э. Оценкит1ри адыгэбзэм ейуэ къэлъытэн хуейщ литературэр зэращ1эр къэшцытэным лэжьыгъэхэр хуэмыунэт1ауэ щытмэ. Апхуэдэу щытмэ, япэ оценкэр литературэм, ет1уанэр — адыгэбзэм итхэн хуейщ.

Изложенэм, сочиненэм оценкэ щыхуагъэувк1э мы нормэхэм иригъуэзэн хуейщ:

Оценкэхэр
Содержанэмрэ и бзэмрэ

«5» 1. Лэжьыгъэм и содержанэм темэр нэгъэсауэ къызэпкърихмэ.
2. Содержанэм пщ!ы зыри хэмытмэ.
3. Содержанэр (планым тетми е лланыншэми) зэк1лъык1уэу къа!уэтэжамэ.
4. Лэжьыгъэр бзэ къулейк1э, шэрыуэк1э тхамэ, псалъэхэм я къыхэхынымрэ псалъэуха ухуэнымрэ щыуагъэ хэмытмэ.
5. Лэжьыгъэр и ухуэк!эк1и зэхэлъык1эк1и къызыхуэтыншэу гуры1уэгъуэмэ, ауэ и содержанэм 1 щыщ1эныгъэрэ и бзэм 1 щыщ!эны-гьэрэ ф1ак! хэмытмэ

«4»
1. Лэжьыгъэм и содержанэм темэр мы1ейуэ къызэпкърихмэ
2. Содержанэр пэжмэ, ауэ щыуагъэу зы ф1эк1 хэмытмэ.
3. Содержанэр къызэри1уэтэжым и зэк1элъык1уэк1эм ныкъусаныгъэ мащ1э ф1эк1 хэмытмэ.
4. Лэжьыгъэр зэрытха бзэм и къулеягъым арэзы укъищ1мэ
5. Лэжьыгъэр и ухуэк1эк1и и зэхэлъык1эк1и къызыхуэтыншэу гуры1уэгъуэмэ, ауэ и содержанэм щыщ1эныгъэу 2, и бзэм щыщ1эныгъэу 2 ф1эк1 хэмытмэ.

«3»
1. Лэжьыгъэм и содержанэм темэр нэсу къызэпкърихмэ.
2. Содержанэм темэм и мыхьэнэр къыбгуригъа1уэмэ, ауэ щыуагъэ гуэрхэр хэтмэ.
3. Содержанэр къызэри1уэтэжым и зэк1элъык1уэк1эм ныксаныгъэ гуэрхэр хэтмэ.

4. И бзэр мыкъулеймэ псалъэхэр къызэригъсэбэпымрэ псалъэухахэр зэриухуэмрэ нэсу арэзы укъимыщ1мэ.
5. Лэжьыгъэм и ухуэк1эк1и и зэхэлъык1эк1и нэсу арэзы укъимыщ1мэ, содержанэм щыщ1эныгъэу 4, и бзэм щыщ1эныгъэу 4 нэхъыбэ хэтмэ.

«2»

1. Содержанэм темэр къызэпкърымыхмэ.

2. Лэжьыгъэм щыуагъэ куэд хэтмэ.

3. Содержанэр къызэри1уэтэжым и зэк1элъык1уэк1эр мытэмэммэ, планым темытмэ, къи1уатэ гупсысэм зэпыщ1энызъэ гуэрхэр имы1эмэ.

4. И бзэр хуабжьу къулейсызмэ, псалъэухахэр зэхуэдэу к1эщ1мэ, псалъэхэр куэдрэ къемызэгъыу къигъэсэбэпмэ 5. Лэжьыгъэр и ухуэк1эк1и и зэхэлъык1эк1и мыхъуамэ, содержанэм щыщ1эныгъэу 6-м нэс, бзэм щыщ1эныгъэу 7-м нэс хэтмэ.

«1»

Содержанэм щыщ1эныгъэу 6-м нэс, бзэм щыщ1эныгъэу 7-м щ1игъу лэжьыгъэм хищ1ыхьамэ.

Грамматикэмк1э и 1эзагъыр:

«5»

Орфографическэ щыуагъэу 1 е пунктуационнэ щыуагъэу 1, е грамматическэу 1 хащ1ыхьамэ.

«4»

Орфографическэ щыуагъэу 2-рэ пунктуационнэ щыуагъэу 2-рэ, е орфографическэ щыуагъэу1-рэ
пунктуационнэ щыуагъэу 3-рэ хэтмэ, е пунктуационнэ щыуагъэу 4-рэ орфографическэу зыри хэмыту, ауэ грамматическэ щыуагъэу т1у хэтмэ.

«3»

Орфографическэ щыуагъэу 4-рэ пунктуационнэ щыуагъэу 4-рэ, е орфографическэу 3-рэ пунктуационнэу 5-рэ хэтмэ, е пунктуационнэ щыуагъэу 7 хэтрэ орфографическэу зыри хэмыту, ауэ грамматическэ щыуагъэу 4 хэтмэ.

«2»

Орфографическэ щыуагъэу 4-рэ пунктуационнэ щыуагъэу 7-рэ, е олрфографическэ щыуагъэу 6-рэ пунктуационэу 8-рэ, е орфографическэ щыуагъэу 5-рэ пунктуационнэ щыуагъэу 8-рэ, е орфографическэ щыуагъэу 8-рэ пунктуационнэ щыуагъэу 6-рэ, грамматическэ щыуагъэу 7 хэтмэ.

«1»

Орфографическэ щыуагъэу 7-рэ пунктуационнэ щыуагъэу 7-рэ, грамматическэ щыуагъэу 7 нэхъыбэ хэтмэ.

Адыгэ литературэ 10-нэ класс

№№	Темэхэр	Сыхь. Бж.	Щаджыну зэманыр	Щаджа Зэманыр
1.	Хэзыгъэгъуазэ. **К1ыщокъуэ Алим** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ Усак1уэр адыгэ усыгъэм къыщыхыхьа зэманыр,абы къик1уа литературнэ гъуэгуанэр.	1		
2.	«Сык1уэнт нэхъ псынщ1эу…» усэр гук1э Усак1уэм и гупсысэхэр,лъэпкъым и 1уэху еплъык1эр.	1		
3.	«Насып», «Зеич лант1э»усэхэр. Щ1алэгъуалэм и хъуэпсап1э лъагэхэм, ц1ыхум дунеймрэ гъащ1эмрэ хуи1э ф1ылъагъуныгъэр.	1		
4.	«Лъапсэ» романым и темэр,гупсысэ нэхъыщхьэр Адыгэ ц1ыхубзыр пасэ зэманымрэ ди нобэрей гъащ1эмрэ:Дэфэрэдж-анэшхуэмрэ Дэфэрэдж Шагировнэрэ я образыр.	1		
5.	**Шортэн Аскэрбий** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. Усак1уэм и гъащ1эм теухуа обзор.	1		
6.	«Бгырысхэр» романым и темэр,гупсысэ нэхъыщхьэр. Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ я зэкъуэтыныгъэм и мыхьэнэр тхыгъэм къызэрыхэщыр.	1		
7.	Шорэрэ Солнцевымрэ и образхэр. Тхыдэм зи ц1эр къыхэна ц1ыхухэм я образхэр	1		
8.	Пщыл1хэм я образхэр	1		
9.	**К1уащ Бет1ал** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. Усак1уэм и гъащ1эмрэ и творчествэмрэ гъэщ1эгъуэныгъыу хэлъыр. Куэд зымыгъащ1эу куэд зылэжьа усак1уэу ар зэрыщытыр. «Си хэку» усэр. Усэм хэку лъагъуныгъэр къызэрыщыгъэлъэгъуар.	1		
10	Б/З Класс/щ1ыб къеджэныгъэ	1		
11.	**Нало Ахьмэдхъан** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. Тхак1уэм и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ зэпкърегъэхын.	1		
12.	«Нэхущ шу» романым и темэр,гупсысэ нэхъыщхьэр. Къуэк1ып1э жыжьэм щек1уэк1 зауэм теухуами,романым и к1ыхьагък1э адыгэ лъахэр,абы и ц1ыхухэм я псэук1эр,адыгэ	1		

	унагъуэм илъ нэмысыр,хэкум щызек1уэ хабзэр тхыгъэм къызэрыхэщыр.			
13.	Романым къыхэщ образ нэхъыщхьэхэр. К1эрэф Залымджэрий,Анзор Къербэч,абыхэм я ныбжьэгъу шэшэн щ1алэ Тэсмэхьил сымэ бгырысхэм я л1ык1уэу,узэщ1ак1уэу,уэчылу романым къызэрыщыгъэлъэгъуар.Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуныгъэр тхыгъэм къызэрыхэщыр.	1		
14	Романым и художественнэ гъэпсык1эр,зэрытха бзэр.	1		
15.	**Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр** и гъащ1эмрэ и творчествэмрэ. «Иужьрей удж» рассказым къыхэщ гупсысэр			
16-17	**Б/З Изложенэ,сочиненэ теплъэ и1эу**	1		
18.	**Къагъырмэс Борис** и гъащ1эмрэ и творчествэмрэ. Къагъырмэс Борис и лирикэр,усэхэм къыхэщ гупсысэ нэхъыщхьэр	1		
19.	**Къэжэр Петр** и гъащ1эмрэ и творчествэмрэ. Къэжэр Петр и лирикэр,усэхэм къыхэщ гупсысэ нэхъыщхьэр	1		
20.	**Хьэнфэн Алим** и гъащ1эмрэ и творчествэмрэ. Тхак1уэм адыгэ литературэм щиубыд щ1ып1эр.	1		
21	Хьэнфэн Алим и лирикэр. «Гъатхэ уэшх», «Насып 1уащхьэ», «Адыгэ нэмыс».Усэхэм и гупсысэ нэхъыщхьэр,идеер.	1		
22.	**Щоджэнц1ык1у 1эдэм** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. Тхак1уэм и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ.	1		
23.	Щоджэнц1ык1у 1эдэм и усэхэр.Усак1уэм и усэхэр ц1ыхугъэмрэ мамырыгъэмрэ,къуэшыгъэмрэ зэныбжьэгъуныгъэмрэ,лэжьыгъэмрэ ц1ыху пэрытхэр гъэлъэп1энымрэ теухуауэ зэрыщытыр.	1		
24.	«Щхьэгъубжэ нэху» повестым и темэр,гупсысэ нэхъыщхьэр. Ц1ыхухэм я зэхэщ1ык1р,щ1эмрэ жьымрэ зэрыщызэныкъуэкъур повестым къызэрыхэщыр.	1		
25.	Повестым хэт образ нэхъыщхьэхэр. Повестым къыхэщ образхэр,абыхэм я хьэл-щэнхэр,я гупсысэк1эр,я 1уэхущ1афэхэр.	1		
26.	**К1эрэф Мухьэмэд** и гъащ1эмрэ и творчествэмрэ. Тхак1уэм и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ	1		

	щыгъэгъуэзэн.			
27.	«Адэ щ1эин мылъку хъурэ?» повестым и темэмрэ и идеемрэ. Адэ-анэмрэ бынымрэ я зэхущытык1эр повестым къызэрыщыгъэлъэгъуар.	1		
28.	Повестым хэт образ нэхъыщхьэхэр зэпкърегъэхын. Повестым хэт л1ыхъужьхэм я хьэл-щэнхэмрэ я 1уэхущ1афэхэмрэ.	1 1		
29.	**Туаршы Аслъэн** и гъащ1эмрэ и творчествэмрэ. Тхак1уэм и творчествэм адыгэ литературэм щи1э мыхьэнэр.	1		
30.	«Нобэ е зэи» романыр зытеухуамрэ абы къи1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ.	1		
31.	Романым хэт образхэр зэпкърегъэхын. Тхыгъэм хэт л1ыхъужьхэм я гъащ1эмрэ я 1уэхущ1афэхэмрэ,я хьэл-щэнхэмрэ я гурыгъу-гурыщ1эхэмрэ.	1		
32.	**Балъкъэр Фоусэт** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ.	1		
33.	Балъкъэр Фоусэт и лирикэр.Усэхэр зытеухуамрэ абыхэм къа1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэхэмрэ. «Кхъужьейхэр», «Гъатхэ жэщхэм умыжей» усэхэр. Усэхэм я бзэр,къа1уатэ 1уэхугъуэхэм я гурыхьагъыр,мыхьэнэуэ я1эр	1		
34.	Гъэ псом яджар къызэщ1экъуэжын	1		